

Konn Dwa Ou: Elèv ak Etidyan nan Vil New York

Elèv ak etidyan ki nan lekòl Vil New York yo gen menm pwoteksyon selon Lwa sou Dwa Moun Vil New York la ak nenpòt moun ki rete, k ap travay nan Vil New York, oswa k ap vizite li.

Diskriminasyon nan zafè lojman, travay, ak espas piblik

Elèv ak etidyan yo nan Vil New York gen pwoteksyon kont diskriminasyon nan zafè lojman, nan travay, ak nan espas piblik, sa gen ladan kanpis lekòl yo. Okenn moun pa ka sibi diskriminasyon, keseswa sou baz ras, relijyon, orijin nasyonal, laj, sitiyasyon imigrasyon, andikap, oswa lòt kategori ki pwoteje selon Lwa sou Dwa Moun Vil New York la. Komisyon sou Dwa Moun (Commission on Human Rights) Vil New York la ka fè transgresè yo rann kont sou zak yo.

Arasman diskriminatwa

Nou pa tolere arasman diskriminatwa nan Vil New York. Tout moun nan Vil New York gen entèdiksyon pou yo komèt arasman diskriminatwa, epi tout moun gen pwoteksyon kont li. Arasman diskriminatwa se **menas, entimidasyon, arasman, presyon, ak vyolans** ki afekte dwa sivil ak konstitisyonèl yon moun epi ki:

- Genyen kòm youn nan motivasyon li yo ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, estati etranje oswa estati sitwayènte, oswa lòt estati ki pwoteje;
- Akonpaye swa ak yon menas pandye pou fè yon moun oswa yon pwopriyete mal, swa ak mal kont yo; epi
- se yon moun yo ka idantifye ki komèt li.

Kijan pou Denonse Diskriminasyon ak Arasman Diskriminatwa

Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim menas oswa arasman fizik poutèt idantite ou, rele **Komisyon sou Dwa Moun Vil New York la nan 212-416-0197**. Komisyon an ap detèmine si wi ou non deklarasyon w lan valid selon Lwa sou Dwa Moun Vil New York la epi si se sa, Komisyon an ap fè investigasyon sou deklarasyon w lan san ou pa bezwen peye anyen.

Lòt Resous

- Si ou te viktim agresyon fizik poutèt idantite ou — keseswa ras ou, etnisite ou, oswa relijyon ou — rele 911.
- Kontakte yon Defansè Dwa Viktim Krim (Crime Victim Advocate) pou li ka ede ou fè fas a konsekans emosyonèl, fizik, ak finansye krim nan, epi anvizaje lòt opsyon. Rele nimewo telefòn pou èd pou tout kalite krim nan (All Crimes Hotline) nan 1-866-689-HELP (4357) TDD: 866-604-5350.